



AVI SOU POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 3

Politik: Tarif Ranbousman Asistans Finansye pou Gadri pou Ane Fiskal 2024 la
Dat Antre an Vigè: 7/1/2023 (Miz an Aplikasyon 1/2/2024)

Lyen politik la: <https://www.mass.gov/doc/fiscal-year-2024-child-care-financial-assistance-daily-reimbursement-rateshaitian-creole/download>

APÈSI

Dènve bidjè ane fiskal 2024 la te gen ladan \$ 65 milyon dola pou ogmantasyon tarif pou founisè edikasyon ak gadri ki aksepte asistans finansye eta a pou gadri, ke yo rele tarif. Sou baz sa a, Depatman Edikasyon Bonè ak Swen (EEC) te pwopozè ogmantasyon nan montan tarif yo, ansanm ak refòm nan fason yo kalkile tarif yo pou adrese inegalite ki egziste depi lontan nan montan tarif yo pa rejyon jewografik ak gwoup laj timoun yo te sèvi yo. Konsèy Edikasyon Bonè ak Swen an te apwouve pwopozisyon tarif EEC a nan dat 10 janvye 2024.

Tarif aktyalize pou founisè edikasyon bonè ak swen ki baze nan sant yo pral aplike nan dat 1ye fevriye 2024, ak yon dat antre an vigè ki se 1ye jiyè 2023. Sa vle di apati mwa fevriye, founisè yo pral konnen yon ogmantasyon montan nan peman ranbousman yo. Sa vle di tou nouvo tarif yo aplike retwoaktifman pou sèvis yo bay 1ye jiyè 2023 oswa apre. Founisè yo pral resevwa pou yo yon sèl peman an fevriye pou ogmantasyon sa yo.

Tarif pou founisè gadri nan fanmi yo pral finalize yon fwa nouvo kontra a ak SEIU Local 509 la ratifye. Plis enfòmasyon pral pataje nan moman sa a.

APLIKABILITE

Politik sa a aplike pou tout founisè edikasyon bonè ak swen ki aksepte asistans finansye eta a pou gadri.

MIZAJOU KLE

Chanjman kle nan pousantaj ranbousman ki baze sou sant EEC a gen ladan:

- Tout tarif sant yo pral resevwa omwen yon ajisteman 5.5% pri lavi a. Gen kèk tarif ki baze sou sant ki pral konnen plis ogmantasyon akòz: 1) nouvo estrikti pousantaj konsolide ki alinye rejyon yo avèk endikatè ekonomik menm jan ak pri swen ak/oswa 2) efò entansyonèl pou fè tarif yo pase a omwen 81% pri swen yo jan sa defini nan dènve rechèch sou pri yo ki kòmande pa EEC (sa vle di tarif ki deja nan 81% pa pral konnen ogmantasyon adisyonèl).
- Finansman kalite a te enkòpore nan tarif debaz yo pi devan. Finansman an ede ankouraje kalite, kidonk tout founisè resevwa li. Sa vle di 8.5% kalite ki ajoute apati de ane fiskal 2023 ak 3% QRIS ki ajoute a pa montre kòm tarif separe ankò. Pwogram yo pa bezwen yon notasyon QRIS ankò pou resevwa tarif sa yo.

RESOUS

Kesyon yo Poze Souvan

1. Ki chanjman tarif yo ap aplike ane sa a?

Chanjman sa yo ap aplike pou tarif yo ane fiskal sa a:

- 5.5% «inivèsèl» ogmantasyon pou tout tarif ki baze sou sant pa rejyon ak gwoup laj, ansanm ak yon ogmantasyon omwen 81% sou tout pri swen;
- 5.5% «inivèsèl» ogmantasyon pou tout tarif FCC pa rejyon ak gwoup laj, avèk aplikasyon ki depann de negosyasyon sendika;
- Konsolite an twa tarif pou (a) amonize tarif yo pami rejyon ki sanble anpil atravè endikatè ekonomik kle yo epi (b) senplifye estrikti tarif la: 1) Lwès, Sant ak Sidès; 2) Nòdès, ak 3) Metro & Metro Boston;
- Ogmantasyon \$ 1, ki pase de \$ 23 a \$ 24, tarif siplemantè chak jou pou kontra sipò DCF, Jèn Paran, ak Fanmi ki zansabri; epi
- Enkòpore QRIS (3%) ak kalite (8.5%) siplemantè nan tarif debaz la.

2. Poukisa tarif founisè gadri nan fanmi yo pa ogmante nan moman sa a?

Ogmantasyon tarif founisè gadri nan fanmi yo depann de akò negosyasyon kolektif ant EEC ak SEIU Local 509. Byenke Konsèy Edikasyon Bonè ak Swen an te vote pou yon ogmantasyon 5.5% nan tarif founisè FCC yo epi te konsolide estrikti tarif la, li depann de negosyasyon sendika a. Yon fwa pwosesis negosyasyon kolektif la finalize, EEC pral kòmanse ogmantasyon tarif FCC nan mwa k ap vini yo. Lè yo aplike li, ogmantasyon tarif la pral retwoaktif jiska 1ye jiyè 2023.

3. Ki dat ogmantasyon tarif yo ap efektif? Èske pral gen peman retwoaktif?

Pou pwogram ki baze sou sant yo, ogmantasyon tarif yo ap aplike nan mwa fevriye 2024 la epi yo retwoaktif jiska 1 jiyè 2023. Sa vle di ou pral resevwa ogmantasyon retwoaktif la pou sèvis jiyè 2023 jiska janvyè 2024 avèk peman ou an fevriye, anplis peman nòmal sèvis janvyè ou yo. Tanpri sonje pwosesis faktirasyon an, ki gen ladan pwodiksyon liv kontab ak apwobasyon fakti ki annatant yo, ka ale pi dousman pase jan sa konn ye akòz kalkil peman retwoaktif yo. Tanpri bay plis tan anvan ou soumèt tikè HelpDesk. Nou apresye pasyans ou ak konpreyansyon ou pandan n ap aplike ogmantasyon tarif sa yo.

4. Kisa ki te pase QRIS ak tarif ogmantasyon kalite yo?

Ogmantasyon 3% QRIS pou tarif tibebe ak timoun piti yo, ansanm ak 8.5% ki ajoute sou kalite a pa tarif separe ankò. Sipleman sa yo enkli kounye a nan tarif debaz yo epi yo pa pral reflekte ankò kòm sipleman separe. Epitou, pwogram yo pa bezwen yon notasyon QRIS ankò pou resevwa tarif QRIS la.

5. Èske gen egzijans pou fason pwogram yo dwe depanse ogmantasyon tarif la?

Jan langaj liy bidjè eta yo pou ane fiskal 2024 la (liy 3000-1042 ak 1596-2434) egzije sa, founisè/edikatè ki baze sou sant yo dwe itilize lajan yo resevwa yo pou ogmante salè, avantaj, ak alokasyon pou devlopman pwofesyonèl edikatè timoun yo.

6. Ki dokiman mwen bezwen pou kontinye montre kijan mwen te depanse finansman an?

Pwogram yo pral kenbe dokiman ki montre lajan yo te resevwa pandan ane fiskal 2024 la te distribye an akò ak pwòp estanda jis ak ekitab yo. Tout dokiman yo dwe detaye sa ki annapre yo:

- Montan chak anplwaye te resevwa sou fòm salè, avantaj, oswa alokasyon;
- Dat efektif tout ogmantasyon salè, avantaj, oswa alokasyon;
- Rezon pou kantite lajan yo bay la; epi
- Dat ogmantasyon an, avantaj la, oswa alokasyon an te fèt.

7. Èske pwogram yo dwe fè ogmantasyon salè retwoaktif?

Dat antre an vigè ogmantasyon tarif sa yo se 1ye jiyè 2023. Pwogram yo ta dwe pran pwòp desizyon yo sou fason yo egzekite ogmantasyon salè, avantaj, oswa alokasyon nan sèvi avèk finansman sa a.

8. Èske founisè yo dwe chanje tarif yo pou fanmi yo jwenn ranbousman konplè nan men eta a oswa èske fanmi prive yo ka peye yon tarif diferan pou swen?

Non. Bidjè siplemantè Gouvènè Healey pou ane fiskal 2023 a te gen ladan l yon dispozisyon pou yon egzansyon pèmanan pou pwogram gadri nan kloz limitasyon pri eta a ki te enkli nan bidjè final ki te siyen an. Kloz limitasyon pri a te limite kapasite pwogram edikasyon ak swen timoun a òf rabè oswa bousdetid sektè prive a finanse a fanmi oswa manm pèsònèl ki pa kapab peye tarif eta a. Depi 2021, EEC benefisye yon egzansyon ane-pa-ane de règ sa a. Pwogram Edikasyon ak swen timoun yo kounye a egzante de li pou tout tan. Sa vle di pwogram yo ka ofri rabè oswa bousdetid sektè prive a finanse a fanmi yo oswa anplwaye ki pa kapab peye tarif eta a.

Si oumenm oswa anplwaye ou gen kesyon sou politik sa a oswa ou bezwen sipò adisyonèl, tanpri kontakte Sandy Fortier-Hollow nan sandra.fortier-hollow@mass.gov.

OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)

Estrikti tarif ane fiskal 2024 sa a ranplase estrikti tarif ajans lan apati ane fiskal 2023 (eksepte tarif FCC ki pral finalize yon fwa nouvo kontra a ak SEIU Local 509 ratifye).